

BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data nu nyindekel kana wanda jeung harti gaya basa kiasan, bisa dicindekkeun hasil data saperti nu ébréh dina pedaran ieu di handap.

Dina novél *Kembang Patapan* Karya Syarif Amin nyampak aya 157 data nu kaasup kana gaya basa kiasan. Tina éta data nu kapanggih téh tuluy dipasing-pasing deui jadi sababaraha bagian dumasar kana cirina. Sanggeus diklasifikasi, bisa dicindekkeun dina éta novél nyampak aya dalapan data wanda gaya basa kiasan. Éta data téh ngawengku (1) gaya basa ngupamakeun aya 84 data, (2) gaya basa lalandian aya 32 data, (3) gaya basa panelah aya 17 data, (4) gaya basa mijalma aya 13 data, (5) gaya basa raguman aya 5 data, (6) gaya basa silib aya 3 data, (7) gaya basa pamoyok aya 2 data, jeung (8) gaya basa perwatek aya 1 data.

Tina analisis wanda gaya basa ogé bisa dicindekkeun yén gaya basa kiasan mangrupa hiji paélmuan nu medar ngeunaan kaparigelan pangarang geusan ngawangun éfék émotif jeung éndah dina hiji karya sastra. Sajaba ti éta, gaya basa kiasan ogé mangrupa bagian tina unsur basa nu ngadeudeul kualitas hiji karya sastra. Éta hal sakumaha nu katitén dina novél nu jadi ieu objék panalungtikan, dimana kacida euyeub ku rupaning gaya basa kiasan minangka wawakil tina kaparigelan pangarang nyiptakeun karya nu miboga katineung séjén pikeun pamaca.

Sajaba ti kitu, wanda gaya basa nu ébréh dina novél teh dina enas-enasna mah mangrupa wangun dohir nu katitén dumasar ciri-cirina. Upama diulik wangun batinna, bakal kapanggih harti tina éta gaya basa. Sabab sakumaha nu geus diébréhkeun, ari gaya basa kiasan téh mangrupa gaya basa nu miboga harti patukangtonggong jeung harti sabenerna. Ku sabab kitu, sanggeus ditalungtik, éta harti gaya basa kiasan téh bisa dicindekkeun wangunna anu ngawengku (1) harti babandingan nu mangrupa harti gaya basa ngupamakeun, (2) harti panglandi nu mangrupa harti gaya basa lalandian, (3) harti babandingan jalma nu mangrupa harti gaya basa mijalma, (4) harti babandingan pasipatan nu mangrupa harti gaya basa

perwatek, (5) harti hurunan jeung harti tunggalan nu mangrupa harti gaya basa raguman, (6) harti pamoyok nu mangrupa harti gaya basa pamoyok, (7) harti panelah nu mangrupa harti gaya basa panelah, jeung (8) harti panyungkun nu mangrupa harti gaya basa nyungkun.

5.2 Implikasi

Luyu kana panalungtikan anu geus dilakonan ngaliwatan prosés nganalisis, niténan, jeung medar wanda sarta harti gaya basa kiasan nu aya dina novél *Kembang Patapan* karya Syarif Amin, dipiharep nu maca kana ieu hasil panalungtikan hususna mahasiswa bisa maham jeung weruh kana wanda sarta harti gaya basa kiasan.

5.3 Rékoméndasi

Rékoméndasi nu penting pikeun ditepikeun dumasar kana panalungtikan nu geus dilakonan ébréh dina wincikan ieu di handap.

Kahiji, ieu panalungtikan nu medar gaya basa kiasan dina novél *Kembang Patapan* karya Syarif Amin téh nyoko kana tiori struktur jeung semantik. Ku kituna, masih perlu diayakeun panalungtikan gaya basa kiasan ngagunakeun tilikan séjén.

Kadua, ulikan gaya basa kiasan nu nyoko kana struktur dohirna kawilang geus euyeub. Ku kituna, perlu dilakukeun panalungtikan kana gaya basa kiasan anu ulikasn strukturna patali jeung adegan basa nu ngawangun hiji gaya basa. Urgensi tina éta hal nyaéta bisa ngajembaran ulikan kabasaan dina gaya basana éta sorangan.

Katilu, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngahudangkeun karep pamaca enggoning maluruh ulikan gaya basa kiasan nu bisa ngeuyeuban pangaweruh komunikasina.